

Bouyi Dlo Lakay Ou



Poukisa fòk mwen bouyi dlo m ?

Yo gen dwa mande w pou bouyi dlo w paske gen yon bagay nan dlo a ki kapab fè w malad e li pa bon pou bwè l san w pa bouyi li anvan.

Kòman bouyi dlo a fè l vin pi potab ?

Bouyi dlo a tiye mikwòb (de ti òganis ki twò piti pou kab wè ak je w) ki nan dlo a ki kapab fè w malad. Lè w bouyi dlo a epi w tiye mikwòb yo, dlo a vin pi potab pou bwè l.

Kijan pou m bouyi dlo m nan ?

Bouyi dlo a ak gwo bouyon pandan yon minit. Asire w ke dlo a pa gen oken bagay kap flote ladann anvan w bouyi li. Pou dlo a gen pi bon gout, vide l e revide l alevini plisyè fwa nan 2 vesò pwòp.

E pou fè manje, brose dan m, e prepare lèt bebe ?

Ou fèt pou bouyi dlo a oswa sèvi ak dlo nan boutèy pou fè manje, lave fwi ak legim, brose dan w oswa prepare lèt pou bebe. Ou fèt pou lave men w ak dlo bouyi lè w ap fè manje.

Èske m bezwen bouyi dlo a pou m benyen ?

Adilt, jèn moun ak gran timoun pa bezwen bouyi dlo pou pran douch oswa ben, men fòk yo eseye pa mete dlo a nan bouch yo e pa vale dlo a. Bebe ak timoun piti, vye granmoun, ak moun ki gen sistèm iminitè yo an movèzeta fèt pou benyen nan dlo bouyi oswa dlo nan boutèy. Ou fèt tou pou fè atansyon pou pa kite dlo san bouyi antre nan nenpòt blesi oswa pansman apre yon operasyon.

Èske m kab bay tibèt mwen dlo tiyo a ?

Menm si bèt gen dwa pa afekte menm jan ak moun, ou ta fèt pou bay tibèt w dlo bouyi oswa dlo nan boutèy.

Èske m bezwen bouyi dlo a lè map fè kafe nan yon kafetyè eletrik ?

Wi, lè wap sèvi ak yon kafetyè, dlo a pa vin cho ase pou l tiye okèn nan mikwòb ki gen nan dlo a. Ou fèt pou sèvi ak dlo bouyi oswa dlo nan boutèy nan kafetyè w la.

Enfòmasyon Dlo Bouyi

E glas nan machin glas mwen an ?

Ou pa fèt pou sèvi ak glas ki nan machin glas w a, ou fèt pou jete nenpòt glas ki nan machin glas w a.

E nan machin lav vesèl la ?

Ou pa bezwen sèvi ak dlo bouyi pou lave vesèl w yo, men kòm dènye pa, ou ta fèt pou mete vesèl la tranpe nan yon dlo tyèd ak klorox pandan yon minit omwens. Mete kantite yon kiyè te klorox pou chak galon dlo lè w ap tranpe vesèl la. Apre sa, kite vesèl la byen seche alè.

Kilè dlo m nan ap bon pou bwè ankò ?

Konpayi dlo w la pral di w lè ekzamen dlo yo ap montre ke dlo a bon pou bwè ankò. Asire w ke w swiv tout enstriksyon konpayi dlo w la bay pou kab si ke dlo a bon pou bwè.

Mwen se pwopriyetè yon biznis, èske m kapab sèvi ak dlo bouyi ?

Non. Dokiman sa se pou moun nan kay prive kote yo voye avi pou bouyi dlo. Restoran, etablisman sèvis manje, lopital, lekòl ak lòt etablisman fèt pou kontakte depatman sante piblik lokal yo pou enfòmasyon sou kisa pou yo fè pandan yon avi de bouyi dlo.